

Fond Pou Acha Manje

Fanmi ki kalifye yo ap chèche yon imèl ki ap sòti nan men Depatman Asistans Tranzisyonèl MA

Chè Fanmi CPS yo -

Bon nouvel! Anpil fanmi Cambridge kalifye pou resevwa finansman pou manje nan yon nouvo pwogram yo rele Pandemik-EBT (Pandemik Elektwonik Benefis Transfè), pandan lekòl yo fèmen akòz COVID-19.

Men ki sa ou bezwen konnen:

MWEN ELIJIB?	Tout elèv ki elijib pou manje gratis oswa a pri redui ap resevwa lajan P-EBT nan Depatman Asistans Tranzisyonèl Massachusetts la.
KOMBYIN MAP RESEVWA?	Chak elèv ki elijib la kay ou pral resevwa \$5.70 pou chak jou lekòl yo fèmen akòz COVID-19.
KIJAN MAP FÈ POU MWEN RESEVWA FOND SA YO?	<p>Ou PA bezwen aplike. Yo a mete lajannan yonyon "kat P-EBT".</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si w ap resevwa avantaj SNAP oswa TANDC kounye a epi ou gen yon kat EBT deja, yo pral ajoute lajan P-EBT nan kat sa a pou ou. • Si ou pa deja gen yon kat EBT, wap resevwa yon kat ki pre-chaje pa lapòs kap sòti nan Depatman Asistans Tranzisyonèl Massachusetts nan adrès kay ou genyen nan dosye CPS la. <p>Yon fwa ou resevwa kat P-EBT a, pa jete li! Gen lajan adisyonèl ki kapab ajoute ladan li nan yon dat apre.</p>
KILÈ MAP RESEVWA FONDS?	Premye wonn fond yo dwe distribye nan mwa me a.
KI KOTE MWEN KAPAB SÈVI AK FOND SA YO?	Ou kapab itilize kat P-EBT ou an tankou yon kat debit pou achte manje nan magazen ki aksepte kat EBT yo. Chèche siy nan magazen ki di "Nou aksepte EBT isit la"!
KI KONSÈNAN ESTATI IMIGRASYON?	Sèvi ak kat P-EBT ou PAP afekte estati imigrasyon ou oswa pitit ou. Chak Piblik Règ la PA aplike pou pwogram sa a. Si ou gen kesyon sou sa, tanpri kontakte Cambridge Opòtinite Ekonomik Komisyon an nan (617-868-2900).
FANMI MWEN APPEN PÈDI TRAVAY OSWA REVNI - KI KOTE NOU KA JWENN ÈD?	<p>Gen plizyè fason pou jwenn sipò.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Premyèman, ou ta dwe aplike pou CPS grati - oswa pwogram pri manje redui, ki pral pèmèt ou pou kalifye pou jis nan lavni pou P-EBT ak lòt resous. • Ou kapab mem kalifye pou resevwa avantaj SNAP. • Rele liy kominotè pou kominote Cambridge la (617-349-9155) pou enskri pou livrezon chak semèn pou pwodui ak lòt manje ki pap gate vit. • <u>Pou Pli Enfòmasyon</u> sou depo manje, sèvis livrezon, ak asistans finansye. • Fon sekou Majistra: Apply 15 Me jiska 5 p.m.

Pou kesyon sou P-EBT kontakte Project Bread nan 800-645-8333.

Pou èd ak finans, lojman, manje, osaw lòt pwoblèm, tanpri kontakte Cambridge Ekonomik Opòtinite Komisyon an nan (617-868-2900).

Rete an sekirite epi Byen!

Ekip CPS la